



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 27 NOMINASYON POU REJIS ETA AK NASYONAL PLAS ISTORIK YO

*Sit yo reprezante plizyè istwa Eta New York, ki gen ladan yon chalè tretman nan Adirondack, ki se yon atelye ki pwoteje nan Binghamton, yon distri istorik ki fèk etabli nan West Harlem, ak plis ankò*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Konsèy pou Prezèvasyon Istorik (Board for Historic Preservation) Eta New York la te rekòmande pou yo ajoute 27 pwopriyete nan Rejis Eta ak Nasyonal Plas Istorik (State and National Registers of Historic Places) yo, ki gen ladan yon chalè tretman nan Adirondack ki te sèvi pasyan tibèkiloz yo, yon atelye ki pwoteje nan Binghamton ki te ankouraje byennèt jeneral moun ki gen kapasite diferan, yon distri istorik ki fèk etabli nan West Harlem ak lyen solid ak lidè Nwa enpòtan nan Vil New York, ak yon fèm toupre Lake Ontario ke lidè nan endistri fwi pwolifik rejyon an te itilize pita.

"New York defini pa divès kilti ak istwa li, epi n ap kontinye efò pou n kenbe istwa enspiran eta nou an vivan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Ajoute 27 sit sa yo nan Rejis Eta ak Nasyonal la pral bay sipò ak resous pou prezève eritaj rich yo epi ede asire jenerasyon Nouyòkè k ap vini yo ka kontinye enspire."

Rejis Eta ak Nasyonal yo kapab ede pwopriyete yo modènize pwopriyete yo, sa k ap fè yo vin kalifye pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou sibvansyon kontrepati eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo.

**Erik Kulleseid, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik, te deklare**, "Yon pati an misyon nou isit la nan Pak Eta yo se pou ede prezève epi fè pwomosyon seri istwa enkwayab ki prezan nan eta nou an. Garanti rekonesans Rejis Eta ak Nasyonal yo pou plas sa yo bay resous avèk ankourajman posib, tankou kredi enpo eta ak federal sa yo, ki pral ede kenbe istwa sa a vivan epi dinamik."

**Daniel Mackay, komisè adjwen pou Konsèvasyon Istorik ak Pak Eta yo, te deklare**, "Sa a se pi gwo gwoup nominasyon yo prezante bay konsèy la ane sa a epi li demontre yon ogmantasyon nan enterè manm kominote yo pou yo patisipe nan efò sa yo. Divizyon pou Konsèvasyon Istorik la pran angajman pou li deziyen ak sipòte resous

istorik ki reprezante divès istwa rich Nouyòkè yo, epi li se yon onè pou patisipe nan yon travay konsa a."

Pandan deseni pase a, Eta a te apwouve itilizasyon kredi enpo komèsyal pou reyabilitasyon pou plis pase 1,000 pwopriyete istorik, sa ki ankouraje plis pase 12 milya dola nan investisman prive.

Yon [etid](#) ke Sèvis Pak Nasyonal (National Park Service) la te reyalize sou enpak kredi enpo a genyen sou djòb ak revni fiskal nan Eta New York, te jwenn ke ant 2016 ak 2020, kredi yo te jenere 74,220 djòb nan nivo nasyonal ak plis pase 1.3 milyon dola nan enpo lokal, eta ak federal.

Rejis Eta ak Nasyonal yo se lis ofisyèl bilding, estrikti, distrik, peyizaj, bagay ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 pwopriyete istorik toupatou nan eta a ki nan Rejis Nasyonal Lye Istorik la, endividyèlman oswa tankou eleman nan distrik istorik yo. Mèt pwopriyete yo, minisipalite yo, ak òganizasyon yo nan kominote toupatou nan eta a te pwopoze nominasyon yo.

Lè Komisè ki sèvi kòm Ofisye Prezèvasyon Istorik Eta a fin apwouve rekòmandasyon yo, y ap antre pwopriyete sa yo nan Rejis Lye Istorik Eta New York la epi apre sa y ap pwopoze yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote y ap egzamine yo, epi yon fwa yo apwouve yo, y ap antre yo nan Rejis Nasyonal la.

W ap jwenn plis enfòmasyon, ak foto sou nominasyon, disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la.

## Capital District

- **Beattie Machine Works**, Konte Albany - Konstwi ak opere nan Cohoes, New York pa yon konpayi fabrikasyon ke patant ak pwodwi li yo te enstrimantal nan endistri tekstil lokal, nasyonal ak entènasyonal la, bilding 1896 sa a se yon egzantp tou nan tip achitekti endistriyèl nan fen diznevnyèm syèk la ke yo rekonèt kòm konstriksyon moulen a "konbistib lan". Pandan istwa li kòm yon sit endistriyèl, Beattie Machine Works te kontribye nan transfòmasyon rejyon Mohawk-Hudson lan poi li vin yon gwo sant fabrikasyon, ki te patisipe nan gwo ka vyolasyon patant, epi regilyèman adapte pwodiksyon an pou sipòte efò lagè Etazini nan premye mwatye nan ventyèm syèk la. An 2019, yo te reyabilite bilding lan kòm yon bilding apatman ki gen trèz inite lè yo sèvi avèk kredi enpo pou prezèvasyon istorik. Li kenbe anpil nan aparans orijinal li.
- **Elmer Avenue School**, Konte Schenectady - Konstwi an 1905 epi elaji an 1968, bilding lan se yon enkanasyon lokal ki gen karakteristik konsepsyon lekòl estandattize ki dominan nan Eta New York nan kòmansman ak nan mitan ventyèm syèk la. Elmer Avenue School se te premye nan sistèm lekòl vil la ki te

prezante konsèp "edikasyon enfòmèl" e li te premye lekòl nan Eta New York ki te genyen yon bibliyotèk anndan li ak yon bibliyotèk aplentan.

- **Muldor-Miller House**, Konte Columbia - Fèm Renesans Grèk federal sa, ak konstriksyon wòch etranj li yo, te bati anviwon 1790 e li se yon egzanp ki ra nan ansyen kay yo nan Claverack. Depi lontan li te asosye ak fanmi Muldor-Miller, pwopriyete a gen lyen tou ak peryòd kolonyal Olandè rejyon an ak istwa travay esklav. Li reprezante tou tranzisyon soti nan ekonomi agrikòl rive nan peyi k ap viv nan ventyèm syèk la.
- **Red Rock Schoolhouse**, Konte Columbia - Konstwi anviwon 1830 epi sèvi kòm yon sit edikasyon aktif jiska 1943, bilding sa a se yon egzanp ekselan yon lekòl ki gen yon sèl chanm nan estil Renesans Grèk nan kòmansman dizneyèm syèk la e li reprezante istwa edikasyon nan zòn rural Red Rock.
- **Rezidans nan 475 Loudon Road**, Konte Albany - Fèm Renesans Grèk la, ki date anviwon 1832, li se yon egzanp fèm estil Renesans Grèk ki ra nan vil Colonie. Bati sou tè ki te fè pati yon fèm lokatè Van Rensselaer, li enpòtan tou pou asosyasyon li ak divizyon fonsyè dizwityèm ak dizneyèm syèk ak modèl pèpleman nan vil la.

## Finger Lakes

- **Bristol Center Methodist Episcopal Church**, Konte Ontario - Sitiye nan Vil Bristol, New York, estrikti Renesans Grèk 1846 sa a te sèvi kòm yon lye rasanbleman kominotè, premyeman kòm yon legliz pawas rural epi kounye a kòm katye jeneral pou sosyete istorik lokal la. Avèk chanjman minimòm nan bilding orijinal la, li se youn nan kèk egzanp sivivan nan achitekti mitan dizneyèm syèk la nan Bristol Center. Konsepsyon an reflekte estil Renesans Grèk la epi li demontre yon fòm senp ke kominote yo te adopte souvan ak aksè limite ak atizan kalifye.
- **Distri Istorik Crosman Terrace**, Konte Monroe - ki te Devlope sou tè ki te itilize istorikman pou endistri òtikilti Rochester a, katye rezidansyèl entak ki gen fòm banlye a te konstwi ant 1908 ak 1940 epi li te montre karakteristik espesifik ki te okòmansman komèsyalize pou atire enterè rezidan klas mwayèn sipryè yo. Sa yo enkli yon konsantrasyon sou estrikti rezidansyèl yo, gwosè espas ak echèl bilding ki koyeran, ak akomodasyon pou otomobil.
- **Bilding Huntington**, Konte Seneca - Yon bilding endistriyèl ak komèsyal remakab nan dizneyèm syèk la ki sitiye nan Seneca Falls, achitekti Huntington Building reflekte bezwen pwopriyete li yo k ap evolue -- soti nan National Yeast Company ki gen yon espri an tèm manifakti rive nan konsesyonè otomobil aktif -- epi fè eko nan tranzisyon ekonomik kominote a soti nan endistri solid nan ane 1800 yo rive nan antrepriz biznis komèsyal nan ane 1900 yo.
- **Martin & Andrew Sperbeck House**, Konte Monroe - Okòmansman te konstwi an 1825, rezidans istorik enpòtan sa a nan Vilaj Fairport te okipe pa plizyè jenerasyon famiyal. Soun plan achitektirèl, bilding lan se yon egzanp yon ansyen kay nan epòk koloni ke yo te elaji ak mete ajou nan gou pwopriyete yo, epi li

reflete kwasans Fairport soti nan yon vilaj agrikòl ak kanal nan dizneyèm syèk la pou pase nan yon kominote rezidansyèl nan ventyèm syèk la.

- **Distri Istorik Naples Viniculture**, Konte Ontario - Sitiye nan kè Finger Lakes, distri a enkòpore istwa rejyon an nan kiltivasyon rezen ak nan fè diven, ki evidan nan koleksyon entak achitekti komèsyal, agrikòl, relijye, ak domestik dizneyèm ak ventyèm syèk li ki reprezante alafwa endistri rezen an ak enfluyans kiltirèl ke endistri diven an te genyen sou zòn ozalantou a.
- **Perry Village Hall**, Konte Wyoming - Konstwi an 1912, bilding minisipal sa a ki sitiye santralman te konstwi pou akomode bezwen rezidan Vilaj Perry k ap grandi yo. Konsepsyon milti-bi a te reflekte nouvo lide sou livrezon efikas sèvis minisipal yo epi li se yon kalite bilding ki familye nan zòn rural New York la. Bilding sa a se yon ansyen egzantp travay eklektik entak achitèk F. W. Kirkland.
- **Shipleigh House**, Konte Wayne - Sitiye jis nan yon kilomèt edmi sid Lake Ontario nan Vil Williamson, fèm 1850 sa a se yon egzantp yon rezidans estil Italyen ki byen konsève yon fason eksepsyonèlman. Avèk lyen solid ak istwa agrikòl rejyonal la, ki gen ladann endistri fwi pwolifik, pwopriyete a gen ladann yon garaj, yon stasyon anbalaj, ak yon ansyen pòch ensandi, ansanm ak prèv ki montre ansyen enfrastrikti sèvis piblik inovan ki te pèmèt ekleraj enteryè ak gaz ak dlo k ap koule.

## Mohawk Valley

- **Bilding nan 500 ak 506 Erie Boulevard East**, Konte Onondaga - De bilding endistriyèl an brik ki adjasan ki konekte ansanm ki sitiye tou pre distri komèsyal santral Syracuse la montre karakteristik diferan achitekti endistriyèl nan fen dizneyèm syèk la, ki gen ladan itilizasyon karakteristik ki reziste kont dife tankou materyèl konstriksyon ki pa konbistib. Ant 2020 a 2022, bilding istorik yo te reyabilite lè yo sèvi avèk pwogram ankourajman taks federal la pou konsèvasyon pou re-itilizasyon adaptatif kòm yon konplèks apatman rezidansyèl.
- **Ogmantasyon Fwontyè Distri Istorik Fort Plain ak Dokimantasyon Adisyonèl**, Konte Montgomery - Dapre nouvo rechèch ak dokimantasyon, peryòd enpòtan distrik istorik orijinal la te elaji jiska 1972. Yo te elaji fwontyè distri a tou pou kouvri tout limit devlopman istorik la nan vilaj la, depi kòmansman dizwityèm syèk la rive nan peryòd apre Dezyèm Gè Mondyal la, epi kounye a gen ladan kat katye adjasan ki gen lyen ak wout transpò byen bonè ak vwa navigab yo.
- **Syracuse Bread Company**, Konte Onondaga - Avèk yon wo degre entegrite istorik, bilding lan se yon egzantp ekselan yon faktori ki gen ankadreman asye nan kòmansman ventyèm syèk la ak youn nan sèlman twa bilding ki pa rezidansyèl nan Syracuse, New York, ki te fèt pa achitèk Ward Wellington Ward. Antanke katye jeneral Syracuse Bread Company, li te fè pati yon revolisyon manje ki te fè tranzisyon estanda konsomatè yo soti nan pen endijèn pou rive nan pen ki pwodui nan faktori.

## Vil New York

- **Lithuanian Alliance of America**, Konte New York - Bilding Neo-Grec nan fen diznevyèm syèk sa a te sèvi kòm katye jeneral pou Lithuanian Alliance of America pandan plis pase yon syèk. Alyans lan se youn nan pi ansyen òganizasyon Lityanyen ki kontinye ap fonksyone nan Etazini, e bilding lan reflète wòl alyans lan kòm yon sant administratif ak kiltirèl pou imigran k ap vini nan Vil New York.
- **Distri Istorik Vil Richmond**, Konte Richmond - Distri istorik sa a nan Staten Island gen ladan pwopriyete ki reflète yon pakèt estil ak fonksyon achitektirèl ki soti nan fen ane 1600 yo rive nan mitan ane 1900 yo, ki reprezante totalman tout eleman tipik yon vilaj ak katye Ameriken. Yon pati nan distri a gen ladan vilaj mize a nan Vil Richmond Istorik la, ki gen koleksyon premye bilding vèmakilè soti nan ane 1700 yo ak ane 1800 yo se yon temanyaj etranj ak presye nan istwa achitektirèl Staten Island lan.
- **Distri Istorik West Harlem**, Konte New York - ki anglobe tout oswa yon pati nan 42 blòk sou bò lwès nan nò Manatann, katye ki sitou rezidansyèl la gen yon karaktè achitektirèl ki diferan ak kowesif ak anpil nan bilding apatman ak kay ki te konstwi ant 1890 ak 1915. Estrikti a reflète evolisyon kòd konstriksyon soti nan fen ane 1800 yo rive nan kòmansman ane 1900 yo, epi distri a te wè anpil ti renouvèlman oswa nouvo konstriksyon depi li te konplètman bati nan kòmansman ventyèm syèk la. Distri a enpòtan tou pou koneksyon solid li genyen ak yon kominote figi enpòtan nan kilti Nwa ak dwa sivil nan mitan ventyèm syèk la, ki te travay pou rezoud pwoblèm lojman, diskriminasyon, liy wouj ak dwa sivil yo.

## North Country

- **Corey Cottage**, Konte Franklin - Estrikti rezidansyèl la, ak "galri tretman" entak li a ak asosyasyon dokimante ak pasyan tibèkiloz yo, se yon egzanp diferan yon "chalè tretman" nan fen diznevyèm syèk la, yon kalite pwopriyete espesifik nan vilaj Saranac Lake, ki te vin renome kòm yon sant tretman pou tibèkiloz.
- **Graves Mansion**, Konte Essex - Chato an brik 1880 ki gen twa etaj la se youn nan reprezantasyon ki pi etranj ak enpresyonan nan estil Dezyèm Anpi a nan rejyon Adirondack New York la. Kay la, ki chita nan vilaj Au Sable Forks, te fèt pa achitèk Vermont F. L. Perkins e li reprezante yon nivo atizanal ki eksepsyonèlman wo, espesyalman alenteryè a. Chato a se te kay Henry Duncan Graves, yon biznisman enpòtan nan zòn nan.
- **Distri Lekòl Martinsburg Common #4**, Konte Lewis - Kay lekòl la se youn nan ansyen bilding lekòl vil la, ki date soti omwen 1844, epi li se yon egzanp reprezantatif yon kay lekòl ki nan yon chanm nan seksyon riral New York nan diznevyèm syèk la.
- **Distri Istorik Three Squares (Ekspansyon Fwontè ak rediksyon Fwontyè)**, Konte Warren - Distri istorik la, ki konstitye alafwa sant komèsyal istorik ak aktyèl Glens Falls, pral genyen kounye a yon bilding endistriyèl anviwon 1920 ki te

neglije anvan ki te asosye ak endistri rad ki pare pou mete Glens Falls la. Anplis de sa, fwontyè distri yo te redui yon ti kras an repons ak demolisyon kat bilding tou pre fwontyè a.

## Southern Tier

- **Cameo Theatre**, Konte Broome - Ti sinema katye sa a ki te fèt 1928 nan katye East Side nan Binghamton, New York, se yon travay diferan entak achitèk lokal Gerald G. Schenck. Yon fwa komen ak presye kòm sit amizman ki pratik pou pyeton nan ti katye a ti echèl yo, li se iik sit ki sivivan nan Binghamton, epi kounye a li nan premye etap reyabilitasyon pou li vin yon espas atizay ki fonksyonèl. Gerald G. Schenck se te yon achitèk lokal ke yo te byen konnen ak yon pwoteje achitèk mèt Binghamton lan, Sanford O. Lacey. Teyat la enkòpore yon estetik modèn epi restrenn ki te favorize alafwa Lacy ak Schenck
- **Atelye Pwoteje pou Bilding Andikape yo**, Konte Broome - Okòmansman li te konstwi an 1947, bilding sa a enpòtan nan istwa rejyonal la kòm katye jeneral ak sant operasyon santral pou òganizasyon ki te bay fòmasyon pwofesyonèl, travay, ak swen medikal pou plizyè milye rezidan Konte Broome ki te viv ak andikap fizik ak mantal. Pwogram li yo te distenge kòm modèl eksepsyonèl nan nivo alafwa eta ak nasyonal. Konstwi nan twa seksyon diferan ak agrandisman plizyè ane ki te sipòte pwogram biwo, klinik ak fabrikasyon de lokatè prensipal yo, Atelye Pwoteje pou Andikape (Sheltered Workshop for the Disabled) ak Rehabilitation Services, Inc. enpòtan tou pou enkòpore yon egzanp ki ra nan achitekti faktori Modèn Rasyonnalize nan vil Binghamton.

## Western New York

- **Brisbane Building**, Konte Erie - Selebre kòm "yon òneman nan vil la" lè li te premye ouvè an 1895, bilding komèsyal estil Renesans Italyen sa a ki sitiye nan kè anba lavil Buffalo, New York, te yon sant aktivite biznis pou anpil jenerasyon. Lokatè yo enkli yon konbinezon gwo magazen ki vann an detay, tankou Kleinhans ak Five and Dime F. W. Woolworth la; ki se yon ti biznis famiyal; ak konpayi pwofesyonèl. Benefisye yon wo degre entegrite achitektirèl ak dekorasyon orijinal la, Brisbane Building make yon tranzisyon enpòtan nan konsepsyon bilding komèsyal soti nan bilding biwo masonri nan ane 1880 yo nan gratsyèl ki gwo ki gen ankadreman an asye nan fen ane 1890 yo.
- **Lekòl Piblik Buffalo #75 (PS 75)**, Konte Erie - Okòmansman li te konstwi an 1925 pou sèvi katye Emslie nan Buffalo, New York, ki gen dominans Afwo-Ameriken, PS 75 reflete efò Distri Lekòl Buffalo te fè nan tout vil la nan ane 1920 yo pou elaji envantè bilding li nan vil la ak nouvo konstriksyon ki enkòpore lide modèn nan konsepsyon lekòl la. Kwasans kominote a ak adopsyon egzijans kourikoulòm elaji New York, ki gen ladan kou nan edikasyon manyèl, domestik, ak fizik, te egzije nouvo espas nan bilding lekòl piblik yo: laboratwa yo, atelye yo, kwizin yo, oditoryòm yo, kafeterya nyo, ak jimnazyòm yo. PS 75 se yon egzanp

solid nan apwòch estandatize achitèk lekòl ki baze nan Buffalo Ernest Crimi pou bati lekòl yo, ki enkòpore eleman sante ak sekirite espesifik ansanm ak nouvo espas ki baze sou kourikoulòm yo epi yo te konnen li pou eleman konsepsyon repwodiktib yo ak delè konstriksyon rapid yo.

- **J.W. Ruger & Deck Bros. Building**, Konte Erie - Konstwi an 1868, bilding sa a se youn nan pi ansyen bilding endistriyèl a ti echèl ki rete nan yon katye manifakti ki istorikman enpòtan sou bò sid Buffalo a, nan New York. Kay de devlopè patant inovan ak pwodiktè machin endistri boulanjri, motè ak endistri finisyon nan nivo nasyonal ak entènasyonal, sit la te ofri yon lokal ki avantajè toupren kanal ak liy tren yo, ansanm ak lòt manifaktirè ki menm jan an.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif, ak lansman bato, ke yon kantite rekò 78 milyon moun te vizite an 2020. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite [parks.ny.gov](https://parks.ny.gov), konekte sou [Facebook](https://www.facebook.com/nysprh), oswa swiv nou sou [Twitter](https://twitter.com/nysprh).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418